



ODISYON PIBLIK VITYÈL SOU PLANNIFIKASYON

Mèkredi 27 oktòb 2021

POU PWOPROZISYON sou

**Amelyorasyon Koridò sou Route 79 / Davol Street
Pwojè Majè / Plannifikasyon - Konstriksyon**

NAN VIL FALL RIVER, MASSACHUSETTS

**KOMONNWÈLT MASSACHUSETTS
DEPATMAN TRANSPÒ NAN MASSACHUSETTS
DIVIZYON GRANWOUT (HIGHWAY DIVISION)**

**JONATHAN GULLIVER
ADMINISTRATÈ GRANWOUT**

**CARRIE E. LAVALLEE, P.E.
ASISTAN ENJENNYÈ AN CHÈF**

KOMONNWÈLT MASSACHUSETTS
DEPATMAN TRANSPÒ MASSACHUSETTS - DIVIZYON GRANWOUT (HIGHWAY
DIVISION)
ANONS POU YON ODISYON PIBLIK
Nimewo Dosye Pwojè a : 608049

Pral genyen yon Odisyon Piblik Vityèl sou Plannifikasyon k ap ògàniye an dirèk sou pòtay entènèt MassDOT pi ba la a, pou prezante modèl pou Amelyorasyon Koridò ki pwopoze pou Route 79 / Davol Street nan Fall River, MA.

KILÈ: **6:30 pm-8:30pm, mèkredi 27 oktòb 2021**

REZON: Rezon pou odisyon sa a, se pou bay piblik la yon chans pou li byen konprann kisa yo pwopoze pou pwojè Amelyorasyon Koridò nan pwojè pou Modèl Konstriksyon sou Route 79 / Davol Street la. Tout kòmantè ak opinyon moun fè konnen nan odisyon dirèk anliy sa a pral ànalize ak pran an konsiderasyon nan mezi maksimòm ki posib.

PROPOSAL: Pwojè ki pwopoze a genyen ladan li an menm tan plannifikasyon ak konstriksyon koridò Route 79 / Davol Street la. Route 79 ki la kounye a ap deplase pou li prèske alien avèk direksyon nò ak sid Davol Street, epi sa pral prèmèt louvri teren pou devlopman ki alien avèk Route 79 ki la kounye a. Travay la genyen ladan li tou, san se pa sa sèlman, plannifikasyon ak konstriksyon ri nan zòn lan ki konnekte avèk koridò a, tankou Brightman Street, President Avenue, Hathaway Street, ak Turner Street. Pwojè a genyen ladan tou plannifikasyon ak konstriksyon yon rezo ki genyen itilizasyon pataje santye ak twotwa, ak nouvo limyè siyalizasyon pou trafik. Pwojè a mande tou plannifikasyon ak konstriksyon nouvo estrikti pou pon ak miray sipò, ansanm ak yon nouvo sistèm drennaj.

Yon dwa pasaj sekirite nesesè pou pwojè sa a. Sa kapab mande peman, ak dwa aksè pèmanan oubyen tanporè. Komonnwèlt Massachusetts gen responsabilite pou li pran aksyon k ap pèmèt jwenn dwa pou sèvi avèk teren prive ak piblik. Yo pral pale sou règleman MassDOT sou jwenn dwa pou sèvi avèk teren, pandan reyinyon sa a.

Pou plis enfòmasyon sou pwojè a, gade nan adrès: www.mass.gov/route-79-davol-street-corridor-improvements

Pou mande enfòmasyon sou pwojè a, deklarasyon ekri, oswa lòt dokiman sou aksyon yo pwopoze yo, ekri nan adrès: Carrie E. Lavallee, P.E., Ranplasan Enjennyè an Chèf, oubyen voye yon mesaj elektwonnik nan adrès dot.feedback.highway@state.ma.us oubyen nan adrès postal nan Etazini a, ki se : Suite 6340, 10 Park Plaza, Boston, MA 02116, Attention: **Major Projects**, Project File No. **608049**. Si gen deklarasyon oswa lòt dokiman ou vle fè paret nan transkripsyon odisyon piblik la, voye yo nan kourye elektwonnik oswa nan lapòs, pa pi ta pase dis (10) jou ouvrab apre dat odisyon an afiche nan pòtay entènèt MassDOT pi ba la a.

Gen aranjman pou pèmèt moun ki andikape patisipe nan odisyon sa a. MassDOT kapab fè aranjman rezonnab gratis pou moun ki mande, oswa li kapab bay asistans nan lang (tankou entèpèt pou pale angle ak siy, ak pou lòt lang, soutit vizib, video, aparèy pou moun ki pa tande byen, oswa dokiman nan fòma altènativ) toutotan sa posib. Pou fè aranjman oubyen pou mande asistans nan lang, ou mèt kontakte Responsab an chèf MassDOT pou Divèsite ak Dwa Sivik la nan nimewo telefòn (857-368-8580), oswa nan nimewo TTD/TTY (pou moun ki pa tande byen)

ki se (857) 266-0603, oswa nan nimewo faks (857) 368-0602, oswa nan adrès elektwonnik (MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us). Demann sa yo dwe fêt pi bonè ou kapab anvan jou reyinyon an. Pou sèvis ki pi difisil pou jwenn yo, tankou lang ki pale ak siy, oswa CART, oswa tradiktè ak entèprèt, demann yo dwe fêt omwen dis (10) jou ouvrab davans, anvan jou odisyon an.

Odisyon Piblik nan Modèl Vityèl sa a, oubyen ànons ànilasyon li, pral afiche sou entènèt nan adrès <https://www.mass.gov/massdot-highway-design-public-hearings>

JONATHAN GULLIVER
ADMINISTRATÈ POU GRANWOUT

CARRIE E. LAVALLEE, P.E.
RANPLASAN ENJENNYÈ AN CHÈF



Bonjou Sitwayen Konsyan,

Depatman Transpò Massachusetts la (MassDOT) ap fè tout sa ki posib pou bati ak kenbe yon enfrastrikti transpò ki bay sekirite ak efikasite pou tout moun ki sèvi avèk wout, pon, chimen bisiklèt, ak chimen pou pyeton, pandan l ap prezèvè entegrite anviwonnan an.

Kòm yon pati nan konsepsyon pwojè sa a, n ap ògànize odisyon piblik sa a pou esplike amelyorasyon yo pwopoze yo, ak pou tande kòmantè ou, ak pou reponn nenpòt kesyon ou ka genyen. Lè odisyon an fini, MassDOT ap ànalize tout kòmantè li resevwa yo, epi, si sa posib, l ap entegre yo nan konsepsyon pwojè a.

Nou byen konprann konstriksyon wout ak pon kapab lakòz kèk deranjman pou piblik la. MassDOT mete anpil enpòtans sou redwi konsekans tanporè travay konstriksyon yo.

MassDOT ankouraje moun nan kominate lokal yo di sa yo kwè, epi l ap pran opinyon moun sa yo oserye. Nou ba ou garanti nou pa pral kòmanse okenn pwojè san nou pa konsidere pwoblèm moun nan kominate a ka genyen.

An tout Senserite,

Carrie E. Lavallee, P.E.
Asistan Enjennyè an Chèf

KISA YON ODISYON PIBLIK YE ?

POU KISA N AP FÈ YON ODISYON PIBLIK ?

Paske se yon metòd garanti k ap pèmèt Komonnwèlt Masssachusetts la bay piblik la enfòmasyon sou pwopozisyon pou konstriksyon granwout nan Eta a, ak pou bay chak rezidan nan zòn lan yon chans pou di sa li vle sou nenpòt pwojè yo pwopoze. An menm tan, odisyon an ap bay Komonnwèlt la yon chans an plis pou resevwa enfòmasyon nan men sous lokal yo, ki pral enpòtan pou Eta a nan desizyon final l ap pran sou modèl li dwe chwazi pou travay la.

POU KISA YO PA VOTE SOU PLAN POU GRANWOUT YO ?

Objektif odisyon an se pa pou fè yon referandòm pou chwazi yon amelyorasyon majorite moun k ap patisce yo pwopoze. Li pa retire responsabilite ofisyèl nan depatman granwout Eta a, pou yo pran desizyon sou kesyon granwout ki se travay yo.

NAN KISA YON ODISYON PIBLIK AP SÈVI ?

Li fèt pou garanti opòtinite, oswa prezans moun, nan yon fowòm pou pran enfòmasyon konkrè ki anrapò avèk desizyon pou chwazi dènye altènativ Eta a nan enterè piblik la, ak pou chwazi pwojè amelyorasyon yo pral adopte nan pami sa ki pwopoze yo.

Li enpòtan pou moun ki nan zòn lan fè konnen kisa yo wè nan pwopozisyon ki prezante a, pou opinyon yo kapab anrejistre kòm sa dwa nan minit reyinyon an. Minit sa yo pral etidye an detay, epi y ap pran yo an konsiderasyon nan chwa modèl final la.

KESYON DWA PASAJ

Eta a responsab pou garanti Dwa Pasaj nan pwojè sa a. Si pwopriyete ou, oswa yon moso ladan li, ap vann bay Eta a pou bati granwout nan enterè tout moun nan Komonnwèlt la, dwa ou yo gen pwoteksyon total dapre lalwa. An rezime, men kèk repons pou kesyon ou ka mande yo.

1. KI MOUN K AP KONTAKTE MWEN ?

Reprezantan Biwo Dwa Pasaj (Right of Way Bureau) nan Divizyon Granwout Depatman Transpò Massachusetts la. Yo pral eslike w konsekans yo, ak dwa ou genyen dapre pwoteksyon ki nan Chapit 79 Lwa Jenneral Massachusetts yo.

2. KISA KI YON PRI REZONNAB POU PWOPRIYETE MWEN AN ?

Chak pri yo ofri ap garanti yon valè ekitab pou pwopriyete ou, oswa pou evalye "domaj" tranzaksyon an ap lakòz pou pwopriyete a. Moun k ap kontribye nan kalkil reparasyon pou domaj yo, se estimatè MassDOT, ak estimatè endepandan, ak "Estimatè Revizyon" MassDOT, ak yon Konsèy Revizyon Evalyasyon Pwopriyete Imobilye. Eta a ap peye tou yon pòsyon pwopòsyonnèl nan taks imobilye pou tarif menm ane a, ansanm ak enterè depi dat pwopriyete a vann lan jiska dat peman an, pou tout enpak yo.

3. ÈSKE MWEN OBLIJE AKSEPTÉ PRI DEPATMAN AN OFRI A ?


Non. Si, apre yo ofri pwopriyetè a menm pri ki sou mache a, li kwè toujou yo pa ofri li yon pri rezonnab, pwopriyetè a gen dwa fè apèl devan tribinal anvan twazan pase. Annatandan desizyon tribinal la, yo ka peye pwopriyetè a yon valè "pro-tanto" (ki vle di "pou kounye a") ki pa pral kontrarye desizyon tribinal la nan okenn jan.

4. KISA KI PRAL RIVE KAY MWEN AN ?

Pwopriyetè a pral gen yon chans pou achte kay li a ankò, depi li gen yon kote yo kapab mete li, epi li gen pèmi ki nesesè pou deplase kay la. Si pwopriyetè a pa enterese achte kay li a ankò, yo pral vann li alakriye piblik. Moun ki ofri plis lajan an pral kapab achte kay la, depi li genyen tou yon kote pou mete li ak pèmi ki nesesè yo. Osinon, yo pral pran dispozisyon pou demoli kay la.

5. KISA K AP RIVE SI MWEN OBLIJE ALE RETE YON LÒT KOTE ?

Anplis valè pwopriyete a sou mache a, Depatman an ap peye kèk nan depans deplasman yo ni pou pwopriyetè ni pou lokatè rezidans ak biznis leta achte yo, si yo satisfè kondisyon pou kalifikasyon yo. Y ap bay asistans pou demenajman. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou avantaj sa yo nan liv Depatman an pibliye.



Pwojè Amelyorasyon Fall River, Route 79 / Davol Street (#608049)

Papye Enfòmasyon pou Pwojè



Objektif ak Bezwèn Pwojè a

Objekif pwojè sa a, se ankouraje kwasans ekonomik nan Vil la avèk kreyasyon nouvo teren ki ka devlope, ak tabli konnektivite miltimodal ant katye yo ak zòn rivaj la.

Kondisyon ki la kounye a

- Route 79 la, ant Veterans Memorial Bridge ak Central Street, se yon granwout avèk aksè limite ki genyen 2 bann ki ale nan chak direksyon, avèk yon vîtes limit ki ant 40 ak 45 mil alè.
- Route 79 la transpòte ant 20 000 ak 30 000 veyikil chak jou, epi li gen yon eksè kapasite.
- Nan direksyon nò, Davol Street transpòte anviwon 5 000 veyikil chak jou nan sid President Avenue, ak 16 000 veyikil chak jou ant President Avenue ak Veterans Memorial Bridge.
- Nan direksyon sid, Davol Street transpòte anviwon 5 000 veyikil chak jou nan sid President Avenue, ak 10 000 veyikil chak jou ant President Avenue ak Veterans Memorial Bridge.
- Sèl aksè ant katye yo sou bò lès Route 79 ak zòn rivaj la, se sou President Avenue.
- Pa genyen aranjman espesyal pou bisiklèt nan koridò pwojè a.

Amelyorasyon yo Pwopoze nan Pwojè a

Pwojè a konbinen Route 79 avèk Davol Street nan direksyon nò ak sid pou pèmèt :

- Kreyasyon 19 kawo nouvo teren
- 9 kawo lespas ouvri an plis
- Rediksyon kantite total bann sikilasyon yo, ki te 4 pou tounen 2 nan chak direksyon
- Etablisman 4 konneksyon lari kwaze ant katye yo ak zòn rivaj la nan kote sa yo :
 - Brightman Street
 - President Avenue
 - Hathaway Street (South Coast Rail Commuter Station Connection)
 - Turner Street
- Bati twotwa sou 2 mil, ak plis pase 2 mil chimen an komen
- Separasyon egou pou lapli ak egou sànitè, ak bati basen enfiltrasyon pou kalite dlo an plis
- Adisyon limyè trafik kowòdonnen sou Route 79
- Entwodiksyon eleman peyizaje nan tout koridò a
- Ranplasman pon ki resevwa trafik Route 79 nan direksyon nò, nan pati sid pwojè a

Etap Antisipe pou Pwojè a

- Otòn / Ivè 2021 - Si anviwonnan an pèmèt, 25 % konsepsyón, ak asiyasyon dwa pasaj
- Ivè 2022 - Piblisite / Demann Pwopozisyon (RFP, ki vle di "Request for Proposals")
- Ete 2022 - Asiyasyon kontra bay moun ki pwopoze epi k ap fè travay la
- Otòn 2025 - Wout la ak Pon an ap fini (FBU, ki vle di "Full Beneficial Use")

COMONNWÈLT MASSACHUSETTS
DEPATMAN TRANSPÒ NAN MASSACHUSETTS
DIVIZYON GRANWOUT (HIGHWAY DIVISION)

PWOJÈ ASISTANS FEDERAL

Fall River, MA
Amelyorasyon Koridò sou Route 79 / Davol Street
Nimewo Dosye Pwojè a : 608049

Ou mèt ekri kòmantè ou genyen sou paj sa a. Nou mande epi nou apresye sa ou gen pou di. Ou mèt voye kòmantè ou dirèk nan adrès elektwonnik dot.feedback.highway@state.ma.us oubyen voye paj sa a avèk nenpòt kòmantè ou genyen ankò bay :

Carrie E. Lavallee, P.E., Acting Chief Engineer
MassDOT – Highway Division
10 Park Plaza, Boston, MA 02116-3973
Attn: Major Projects

Dokiman ak pyès jistifikatif moun vle fè parèt nan transkripsyon odisyon piblik la dwe gen dat ki montre yo poste omen dis (10) jou ouvrab apre odisyon an.

TANPRI TAPE OSWA EKRI AN KARAKTÈ LIZIB.

Non moun lan : _____ Tit : _____

Òganizasyon : _____

Adrès : _____

Tanpri Pliye epi Kole

Tanpri Mete
Valè Tenm
Kòrèk la Isit
la

Carrie E. Lavallee, P.E.
Acting Chief Engineer
MassDOT – Highway Division
10 Park Plaza
Boston, MA 02116-3973

RE: Virtual Public Hearing
Corridor Improvements on Route 79/Davol St.
FALL RIVER
Project File No. 608049
Attn: Major Projects/Design-Build
